


# ÁJINIYAZ DÓRETIWSHILIGINIŃ XIX ÁSIR QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍNA TÁSIRI

**Davletov Barlıqbay Ábdimurtovich**
Ilimiy basshı: f.i.k. docent
**Bazarbaev Azizbek Aytmurat ulı**
Ájiniyaz atındaǵı NMPI Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası magistrantı

https://doi.org/10.5281/zenodo.19691541

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 18-aprel 2026 yil
Ma'qullandi: 20-aprel 2026 yil
Nashr qilindi: 22-aprel 2026 yil

**KEYWORDS**

*Ájiniyaz dóretiwshiligi, qaraqalpaq ádebiyatı, Ájiniyaz muxxamesleri, kórkem miyras, milliy ádebiyat, qaraqalpaq ádebiyatındaǵı ózgerisler.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada qaraqalpaq ádebiyatınıń klassik wákilleriniń biri Ájiniyaz Qosıbay ulı dóretiwshiliginiń milliy ádebiyattıń rawajlanıwına kórsetken tásiri tallanadı. Sonday-aq, shayırdıń qaraqalpaq ádebiyatında muxammes janrınıń qáliplesiwi hám keyingi rawajlanıwına qosqan úlesi ilimiy jaqtan kórip shıǵıladı.*

Qaraqalpaq ádebiyatı Oraylıq Aziya xalıqlarınıń ruwxıy miyrasınıń áhmiyetli quram bólegi bolıp, onıń qáliplesiwi hám rawajlanıwında shayır hám jazıwshılardıń dóretiwshililginiń ornı sheksiz. Áne, usınday shayırlardıń biri Ájiniyaz bolıp, ol tek ǵana óz dáwiriniń klassigi bolıp qalmastan, al milliy ádebiyattıń rawajlanıwına sezilerli tásir kórsetken dóretiwshi sıpatında ayrıqsha itibarǵa ılayıq. Onıń shıǵarmalarında xalıq turmısı, sociallıq mashqalalar, ruwxıy qádiriyatlar hám insanıylıq sezimler tereń kórkemlik kórinisin tapqan.

Ájiniyazdıń dóretiwshiligi qaraqalpaq ádebiyatınıń janrlıq bayıwında da úlken áhmiyetke iye. Atap aytqanda, muxammes janrınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwında onıń xızmeti ayrıqsha orın tutadı. Shayır óz dóretiwshiliginde usı janr imkaniyatlarınan únemli paydalanıp, onı jańa kórkem mazmun hám súwretlew quralları menen bayıtqan. Nátiyjede muxammes janrı qaraqalpaq ádebiyatında bekkem orın iyelep, keyingi dóretiwshiler ushın da áhmiyetli dástúrge aylanǵan.

Bul maqalada Ájiniyaz dóretiwshiliginiń milliy ádebiyattıń rawajlanıwına kórsetken tásiri tallanadı hám onıń muxammes janrın jetilistiriwdegi ornı ilimiy tiykarda sáwlelendiriledi.

**Tiykarǵı bólim:** Ájiniyaz qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwında áhmiyetli orın iyelegen shayırlardın biri. Onıń dóretiwshiligi qaraqalpaq jazba ádebiyatınıń qáliplesiwine hám kórkemlik jaqtan bayıwına úlken tásir kórsetken. Ásirese, Ájiniyaz dóretiwshiliginiń áhmiyetli táreplerinen biri – onıń Shıǵıs klassikalıq ádebiyatı dástúrlerin qaraqalpaq ádebiyatına birinshilerden bolıp alıp kirgenligi bolıp tabıladı. Bizge belgili, muxammes Shıǵıs klassikalıq ádebiyatında keń tarqalǵan poeziyalıq janrlardan biri bolıp, ol bes qatardan ibarat bántler tiykarında jaratıladı. Bul janr ásirese túrkiy hám parsı-tájik ádebiyatında keń rawajlanǵan. Ájiniyaz bul janrdı qaraqalpaq ádebiyatına beyimlestirip, milliy ruwx hám xalıq turmısına jaqın mazmun menen bayıtqan[2.119].

INNOVATIVE ACADEMY

Muxammes qosıq qurılısı boyınsha Shıǵıs poeziyasınıń aruz ólsheminde jazılatuǵın lirikalıq janr. Ol bir neshe bántlerden turadı, a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a, g-g-g-g-a tárizinde uyqasadı. Muxammesler hár qıylı temalarda, atap aytqanda, muhabbat hám filosofiyaǵa baylanıslı jazılǵanları kóbirek ushrasadı. Ájiniyaz óz muxammeslerinde ıshqı-muhabbat, ayralıq, saǵınısh, ókinish, súyiniw, tolqınlanıw usaǵan ishki sezimlerdi, ruwxıy tolǵanıslardı beredi. Mısal:

Kóp salam mendin biradar, ashnayıw duwjahan -a
Shiddatiy ruzıy qıyametdin yaman, - a
Altı san alashnı gezdim, tapmadım namıw-nıshan, -a
Inshalla gúzge bararman, bolsam aman, -a
Ah dariyǵa, wah driyǵ, mıń sanı yarman, shıqtı jan. -a
(«Shıqtı jan»)

Bul muxammeste lirikalıq qaharman júrek sırların, arzıw-ármanların, basınan keshken qıyınshılıqların bayan etedi.Ájiniyaz muxammeslerinen «Beri kel», «Áy álip», «Oyan» ashıqlıq temasına, «Kózlerim», «Shıqtı jan» nalısh, ókinish, «Qız Oraz» táriyip, maqtaw, «Kerek» házil-dálkek temalarına jazılǵan. Ájiniyaz óz muxammeslerinde kórkemlewdiń hár qıylı usılların orınlı hám ónimli paydalanıp, olardı túrlendirip, jılwalandırıp jiberedi. Mısalı, onıń ıshqı-muhabbat temasına jazılǵan «Áy álip», «Beri kel» muxammeslerinde Shıǵıs poeziyasındaǵı dástúrli sóz oyını usılları sheber qollanılǵan.

Áy-álip kim aq yúzińdur, ayni alam anwariy, -a- 14
Be-beliń qıpsha dilbar, kóz ǵanań shaxla wáliy, - a- 14
Te-tisindur dana-dana láblerińniń pallariy, - a- 15
Se-sorıp shiyrin lábiń qanadurman áy páriy. – a - 14
Jim-jamalın kórmegenshe, zarı-giryan Ziywariy. -a- 15

Mısalda keltirilgen muxammes álipbe tártibinde jazılǵan, bes qatarlı segiz bántten ibarat, álipbeniń barlıq háriplerine qatarlar baylanǵan bolıp, olar 14-15 buwınlı, a-a-a-a-a, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a tárizinde uyqasadı, ashıqlıq temasın sáwlelendiredi[2.121]. Ájiniyazdıń «Beri kel» muxammesi de álipbe tártibinde jazılǵan, bes qatarlı altı bántten turıp, bul da ashıqlıq temasına baǵıshlanǵan.

Ájiniyaz XIX ásir qaraqalpaq poeziyasına muxammes janrın alıp kirip, olardı ádebiy janr sıpatında qáliplestirdi. Onıń muxammesleri tereń mazmunlı, kórkemligi joqarı, sonıń menen birge olar qaraqalpaq xalqınıń kórkem-estetikalıq uǵımlarına, túsiniklerine, talaplarına shaqlap jazılǵan.

Ájiniyaz dóretiwshiliginiń jáne bir áhmiyetli tárepi sonda, ol qaraqalpaq ádebiyatın Shıǵıs klassikalıq ádebiyatı menen baylanıstırıwshı kópir wazıypasın atqarǵan. Nátiyjede onıń qosıqlarında hám klassikalıq ádebiyatqa tán kórkemlik, hám xalıq dóretiwshiligine tán ápiwayılılıq júdá sheberlik penen berilgen.

Ájiniyaz dóretiwshiliginiń qaraqalpaq ádebiyatına tásiri tek jańa janrlardı alıp kiriw menen ǵana sheklenbeydi. Shayır óz shıǵarmalarında kórkem obraz jaratıw, poetikalıq súwretlew qurallarınan paydalanıw hám ideyalıq mazmundı tereńlestiriw arqalı da milliy ádebiyattıń rawajlanıwına úlken úles qosqan. Onıń shıǵarmalarında tábiyat súwretleri, insan ruwxıy dúnyası hám xalıq turmısı kórkemlik jaqtan tereń sáwlelendirilgen.

**Juwmaq:** Juwmaqlap aytqanda, Ájiniyaz qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwında áhmiyetli orın iyelegen ullı shayırlardın biri. Onıń dóretiwshiligi qaraqalpaq xalqınıń mádeniy

hám ruwxıy turmısın sáwlelendiretuǵın bahalı kórkem miyras bolıp esaplanadı.Ájiniyaz dóretiwshiliginiń qaraqalpaq ádebiyatına tásiri júdá úlken bolıp, onıń shıǵarmaları milliy ádebiyattıń rawajlanıwında áhmiyetli rol atqarǵan. Shayırdıń dóretiwshiligi milliy ádebiyattıń bayıwına úlken úles qosıw menen qatar keyingi áwlad shayırları ushın ilham dáregi bolıp xızmet etip kelmekte. Házirgi kúnde de Ájiniyazdıń dóretiwshiligi óz áhmiyetin saqlap qalǵan bolıp, ol jas áwladtı milliy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalawda úlken rol atqarmaqta.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1.Ájiniyaz. Tańlamalı shıǵarmalar toplamı. –Nókis: Qaraqalpaqstan. 1988
2.К. Мәмбетов. Әжинияз. Нөкис «Билим» баспасы 1994 ж 148 бет
3.«Atı qaraqalpaqta bir gawhar edi» Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanınıń 200 jıllıǵına Biobibliografiya, Nókis – 2024
4.Qazaqbaev S. Ájiniyaz poeziyasında kún shıǵıs dastúrleri, Nókis – 2024

INNOVATIVE ACADEMY